



Lis Tout Pwogram yo

**Seksyon Pwogram Akademik Pou Elèv
Ki Fò**

Mrs. Beatriz Zarraluqui,
Direktè Administratif

Dr. Lisette T. Camps, Sipèvizè Jeneral



Seksyon Pwogram Akademik pou Elèv ki Fò



Pwogram ki nan lekòl Primè

- Timoun ki gen talan (gifted)
- Ede minorite avanse (TEAM)
- Pwogram Akademik Avanse (AEP)
- Preparasyon pou pwogram avanse (Pre- AP)



Pwogram ki nan lekòl Segondè

- Timoun ki gen talan (gifted)
- Klas Avanse ak Klas Siperyè
- Enskripsyon a Denivo
- Asosyasyon Akademik nan Kominote yo
- Lekòl




Pwogram Akademik Avanse (AEP)

Objektif Pwogram Akademik Avanse a se pou ogmante kalite travay elèv ki fò eki gen anpil talan nan lekòl primè. Pwogram sa a konsantre sou travay ki ede elèv lapanse e li fòme jijman li tou. Teknik yo ede ak lòt klas yo tou. Nan pwogram sa a elèv la devlope anpil ladrès ki fè l vinn pi fò. Pandan twa zè de tan chak semenn yo pratike metòd sa yo. Chak lekòl chwazi kòman yo vle bay sèvis sa a men yo tout gen menm lide: ede elèv la devlope posibilite pou lipanse a yon nivo siperyè.



Plan Travay Pwogram Akademik Avanse (AEP)

- Desen
- Teyat, Pale an piblik
- Travay ak men
- Jounalis/Radyo
- Jewografi
- Jwèt Echèk (ede elèv yo panse)
- Lot ankò




AEP Diferan Modèl

- **Modèl nan lè lekòl la menm:** Elèv la kite klas li pou twa zè tan chak semenn poul ale nan yon klas kap mete an pratik tout teknik ak metòd akademik avanse yo,
- **Modèl anvan oubyen aprè lekòl:** Elèv la patisipe nan pwogram nan anvan oubyen aprè lekòl. Se yon pwofesè nan lekòl la menm ki responsab pwogram nan. Klas la dire twa zè de tan chak semenn.
- **Modèl nan klas la menm:** Elèv la rete nan klas la pwofesè a mete anpil aksan sou metòd (AEP) yo pandan la swiv plan travay Miami-Dade County yo.



Aplikasyon Pwogram Akademik Avanse

- Pwogram ki nan premye plan pou Distri a
- Aplike nan 192 lekòl nan ane 2004-2005 la.
- Pwofesè yo resevwa antrenman espesyal ak anpil materyèl pou travay ak elèv yo.
- Lekòl yo resevwa lajan pou yo peye pwofesè yo pou mete pwogram sa a an aplikasyon



Tablo Enfòmasyon Pwogram Akademik Avanse (AEP)




	Enskripsyon	FCAT Lekti ≥ 3	FCAT Matematik ≥ 3
AEP	9,352	76%	75%
District	171,376	56%	54%



Metòd Pou Montre Minorite ki jan pou yo Anrichi Konesans yo (TEAM)




Pwogram (TEAM) sa a etabli depi 1984 li la pou ede elèv nan lekòl ki gen anpil minorite. Li montre yo panse a yon nivo elve. Li fèt nan klas la menm. Nan (TEAM) klas la pwofesè a aplike prensip fondamantal ki ede elèv yo nan tout sijè lap anseye yo.




Plan Travay nan yon (TEAM) Klas

- Ede elèv la panse a yon nivo piwo nan tout sa lap fè
- Devlope rezon, lespri
- Materyèl siplemantè pou lekti ak matematik
- Bagay pou elèv la manyen, teste, konstwi
- Ogmante vokabilè
- Poze keksyon
- Jwèt pasyans
- Aktivite ki pou fè tèt elèv la travay
- Chema, foto



Ki Jan Pou Anseyse nan (TEAM) Klas

Elèv yo gen pou yo rekonèt e byen konprann kat prensip fondamantal nan pwogram sa a: sak menm/sak diferan; Sekans; klasman ak analiz. Yo sèvi ak kat prensip fondamantal sa yo nan tout travay yap fè. Lè li apwopriye elèv yo fè sentèz, poze keksyon pou yo sa konpran pi byen sa yo ap etidye Li rekòmande pou elèv la pase de zan afile nan pwogram nan. Pliske pwogram sa a la pou sèvi kòm entèvansyon pou ede elèv ki montre ke yo ka aprann byen, elèv ki nan AEP o swa "gifted" pa ka nan (TEAM) klas.



Aplikasyon Metòd Pou Montre Minorite ki jan pou yo Anrichi Konesans yo (TEAM)

- Pwogram ki nan premye plan pou Distri a
- Aplike nan 100 lekòl.
- Pwofesè yo resevwa antrènman espesyal ak materyèl pou travay ak elèv yo.
- Lekòl la resevwa materyèl konplè pou chak klas la kap fè pwogram nan pou twa zan.



Tablo Enfòmasyon Metòd Pou Montre Minorite ki jan pou yo Anrichi Konesans yo (TEAM



	Enskripsyon	FCAT Lekti ≥ 3	FCAT Matematik ≥ 3
TEAM	6,078	83%	77%
District	171,376	56%	54%



Pre - AP Inisyativ


Objektiv Pre-AP inisyativ la se pou kreye yon gwoup edikatè kap travay ansanm pou aliyen yon seri pwogram pou ede elèv yo devlope teknik nesèsè pou devlope lespri yo nan klas avanse yo. Pre-AP inisyativ pwogram nan aplike nan 5e jiska 9e ane nan lekòl ki STELLAR schools nan lekti, kompozisyon ak matematik.



Klas Talan (Gifted)

Klas Talan yo gen plizyè model pou ede elèv ki gen ladres ak anpil talan. Pwogram sa a la pou satisfè bezwen elèv la daprè aptitud li.


Edikasyon pou elèv ak talan (Gifted Education) defini nan lwa biwo Edikasyon Nasyonal 6A-6.03019 kòm yon elèv ki gen yon entèlijan siperyè eki kapab travay nan nivo siperyè.



Kalifikasyon Pou Pwogram Elèv ki gen Talan (Gifted)

Yon elèv kalifye pou pwogram sa-a si elèv la:

- Demontre bezwen pou pwogram nan.
- Majorite karakteristik yo defini dapre yon li byen detèmine.
- Kosyan entèlijans elèv la fè pou 2 ou plis anro entèlijans mwayen an dapre yon tès aptitud yo bay elèv la.



Plan Pou Pwogram Elèv ki gen Talan (Gifted)

Elèv la fè pati de yon gwouo ki an minorite nan pwogram nan nan yon lekòl ke yo apwove pou ogmante patisipasyon elèv sa yo nan pwogram sa a.

Elèv ki kalifye anba lwa sa a se:

- Elèv ki poko pale Anglè byen ou.
- Ki sòti nan yon fanmi ki pa gen anpil resous.





Enstriksyon Pou Elèv ki gen Talan (Gifted Program)

Anbelisman vle di prezante travay klas la ak plis detay pi pwofon.

Akselere vle di prezante travay nan yon nivo pi avanse pase klas regilye yo

SSS / CBC

Pwogram sa yo gen yon objektif ak rezon.




Diferan Modèl pou Elèv ki gen Talan (Gifted Education)



Lekòl Prime resous (K - 5/6) Elèv sa yo ale nan pwogram nan 2 jou nan semenn nan yo rete nan klas yo pou 3 jou. Pandan 2 jou sa yo elèv la etidye a fon sijè ki enterese li ya ak yon ouvèti sou lot klas yo.



Konteni: Elèv la ale nan klas chak jou pou 2 zè detan. Pwofesè a sèvi ak teknik pou ede elèv la nan tout matyè yo. Elèv la resevwa 25 è chak semenn.

(6 - 8) Elèv la pran yon klas elektiv nan lekòl pre segondè.



Aplikasyon Pou Pwogram Elèv ki gen Talan (Gifted)


- Pwogram nan la pou tout elèv na Eta a e nan tout lekòl.
- Lekòl la fèt pou aplike tout règ yo nan jan yo ofri sèvis yo.
- Leta bay kòb, sipleman, materyèl byen plase pou pwogram sa sèlman.
- Kontwòl la kontinye mache byen.
- Seminè, atelye travay pou paran pwofese, administratè ki sèvi elèv sa yo.



Tablo Enfòmasyon K - 12 pou Elèv ki gen Talan (Gifted)




	Enskripsyon	FCAT Lèkti ≥ 3	FCAT Matematik ≥ 3
Gifted	24,434	91%	96%
District	396,578	47%	52%



Regleman Edikatif Nasyonal sou Elèv ki gen Talan (Gifted)



- 6A-6.03019 Pwogram Enskripsyon espesyal pou elèv ki nan Gifted.
- 6A-6.030191 Devlope yon plan travay pou elèv ki nan pwogram nan.
- 6A-4.01791 Lwa pou gen (Gifted Endorsement).
- 6A-6.0334 Plase elèv la nan pwogram nan yo tanporè.
- 6A-6.03313 Règleman pou elèv ki gen talan.




"Unitary Status"

- Depi 30 Jen 2002 Lekòl Piblik Miami Dade te deklare yo se yon Distri ki fè yonn.
- Apre sa yo te devlope yon plan travay pou asire tout lekòl yo ofri menm kalite travay pou tout elèv san pati pri pou ni koulè ni ras.
- Depatman Edikasyon te mande pou ogmante kantite minorite kap patisipe nan pwogram pou elèv ki gen anpil talan.



Tablo Enfomasyon pou Elèv ki gen Talan (Gifted)



	Manje gratis / Bon mache	Elèv ki poko pale Anglè byen
Pwogram Elèv ki gen Talan	39%	7%
Distri Total	63%	27%
Diferans	-24%	-20%



Klas Avanse

Genyen klas avanse nan tout lekòl pre - segondè (6-8) nan Distri a pou nenpòt elèv patisipe. Nan Klas avanse yo pwofesè yo anseye sijè yo nan yon nivo byen avanse. Elèv yo jwenn opòtinite pou yo panse anpil epi poze keksyon lè yap fè devwa yo.

Klas avanse yo ede elèv yo pou yo pran klas ki gen merit lè yo rive nan seksyon Segondè



Klas Siperyè



Yo ofri klas siperyè nan tout lekòl segondè (6-12) nan Distri an. Nenpòt elèv byen prepare ka patisipe. Nan klas sa yo elèv la travay nan yon nivo pi wo. Elèv yo sèvi ak anpil lojik pou you fè devwa yo. Klas Siperyè konte pou lè elèv la ap diplome alòke klas avanse yo pa konte pou diplome. Nan lekòl pre segondè yo bay klas siperyè sèlman nan lang etranje, matematik ak syans. Nan lekòl segondè yo bay klas siperyè nan tout matyè.



Plasman Avanse



Plasman Avanse klas nan tout lekòl degondè gen elèv ki konmanse depi nan 9e men plis elèv yo kòmanse nan 11e ak 12e.

Klas sa yo konplike, yo di anpil men yo pèmèt elèv la genyen kredi pou lè li nan Kolèj pandan li toujou lekòl segondè. Nan fen ane a elèv yo patisipe nan yon egzamen pou verifye sa li te aprann. Nòt sa yo soti nan 1 jiska 5.




Plasman Avanse

Anpil Kolèj ak Inivèsite bay elèv yo kredi pou klas avanse yo si elèv yo fè 3 ou plis. Sa benefisye paran an ak tout elèv la paske elèv la pa gen poul' peye pou klas sa a nan Kolèj. Yo ofri klas avanse nan lèkti, konpozisyon, matematik, syans sosyal, syans, lang etrange ak desen. Pou enfòmasyon byen spesifik sou chak klas sa yo, pale ak konseye nan lekò segondè piti ou.



Tablo Plasman Avanse




	Total elèv ki pran yon egzamen	Total elèv ki pran egzamen an	Pousantaj nòt ki 3-5
May 2002	8,808	16,234	50.0%
May 2003	10,667	19,616	45.3%
May 2004	11,747	21,526	45.8%




Enskripsyon Adenivo

Enskripsyon double may elèv yo opòtinite pou yo pran klas nan kolèj pandan yo toujou nan lekòl segondè. Nan Lekòl Piblik Miami-Dade enskripsyon doub fèt ant Miami Dade College al FIU (Florida International University). Elèv ki kalifye enskri nan kolèj yo pa peye pou klas yo ni pou liv. Men yo pa bay transpòtasyon. En jeneral yo pran klas sa yo apre lekòl. Alò elèv yo gen klas nan lekòl sekondè plis kou nan kolèj la.




Enskription Adenivo


Le elèv la fini ak kou yo kredi yo bali a li ka sèvi ak li le elèv la ale nan kolèj. Pou yon elèv kalifye pou enskripsyon a denivo se pou li nan 10, 11, 12 ane epi poul' fè mwayenn 3, ranpli tout lòt fòmalitye pou li antre nan kolèj. Pou plis enfòmasyon so sa paran kontakte ak konseye lekòl pitit ou an.



Tablo pou Enskripsyon Adenivo



	Enskripsyon Total	Kantite Klas yo
2002-2003	1,903	5,983
2003-2004	1,685	6,343




Lekòl pou Etid Avanse (SAS)

Lekòl pou Etid Avanse nan Lekòl Piblik Miami-Dade espesyalize pou elèv ki nan segondè, gen 3 kote nan Miami Dade College elèv sa you ka al nan klas: Kendall, North ak Wolfson. Elèv ki nan 11 ak 12 sèlman ki ka ale epi tou yo fèt pou gen mwayenn 3.0. Elèv sa yo pran 3 klas nan Miami Dade la. Lè elèv sa yo diplome nan segondè yo gentan genyen 12 kridi pou kolèj yo.





Lekòl pou Etid Avanse (SAS)

Nan etid avanse klas ak doub enskripsyon yo, elèv yo gen chans pou yo gen yon diplòm nan kolèj ansanm ak diplòm segondè a. Tankou enskripsyon doub la elèv la pa gen pou peye ni pou ekolaj ni pou liv. Ankò benefis la pou ni paran ni elèv la, sèke yo pa peye pou kolèj yo e elèv la ekonomize tan.



Asosyasyon Akademik Nan Komite Yo (PAC)

- Objektif Asosyasyon Akademik nan Kominote yo (PAC) se pou ede elèv yo fè anpil pwogrè nan matematik, egzèsis konpreyansyon as syans. Li prepare yo pou antre nan inivèsite lè yo soti lekòl segondè. Pwogram sa a fèt gras a yon efò kolektif ant lekòl piblik e Florida International University. FIU ofri enskripsyon an gratis, li bay elèv kap komplete pwogram nan lekòl la bous. Lekòk ki patisipe nan (PAC) la se Cutler Ridge Middle School, Mays Middle School, Richmond Heights Middle School, and Miami Southridge Senior High School.



Konklisyon

Pwogram Akademik Avanse louvri yon pòt pou tout elèv ki gen anpil potensyèl. Li ede yo devlope lespri e avanse kreativite yo.

